



## DIVISION OF STUDENT AFFAIRS

Nouvèl DSA Pou Ou

*Pwen esansyèl evènman yo, sibvansyon ki favorize reyisit etidyan yo*

Lendi 19 fevriye 2024

Chè Kòlèg DSA,

Semès prentan anbyen lanse, epi nou te kreye anpil opòtinite pou etidyan yo aprann, grandi, ak jwenn plas yo—mèsi! Fas ak tout sa k ap pase yo, mwen vle mete aksan sou kèk pwogram k ap dewoule nan moman an ak sa ki gen pou vini yo.

Ekip [Pwomosyon Pou Enplikasyon Kominotè Miltikiltirèl \(Multicultural Involvement Community Advocacy\)](#) Stamp lan ap kontinye òganize yon seri evènman pou Mwa Istwa Nwa yo, “[Rekonekte Afwofiti \(Reconnecting Afrofutures\): Lavni an se kounye a.](#)” Evènman sa yo onore eritaj enkwayab istwa Nwa yo, epi yo envite nou eksplòre posiblite san limit pou demen, pandan n ap selebre rezistans, kreyativite ak vizyon kominote Nwa a.

Sant Karyè Inivèsitè (University Career Center) a pral òganize pi gwo [fwa karyè ak estaj](#) li pou etidyan nou yo semèn sa a. Sa a se yon opòtinite eksepsyonèl pou etidyan yo konekte dirèkteman ak anplwayè k ap anboche pou estaj ak travay a tan plen. Sant Karyè a la pou etidyan nou yo depi nan moman yo antre sou kanpis la—li pa janm twò bonè oswa twò ta pou vizite.

Epi, nou envite w reyini ak kòlèg ou yo pandan [Renouvèlman Prentan DSA \(DSA Spring Renewal\)](#) anyèl nou an jedi 7 mas. Pandan reyinyon nou an, n ap fè mizajou sou divizyon ak enstitisyon yo epi n ap pataje dènye Plan Estratejik DSA nou an. Anpil nan nou te patisipe nan pwosesis planifikasyon estratejik nou an. Mwen remsye nou pou patisipasyon nou, epi mwen kontan pou m prezante nou angajman ak objektif ki pral gide avni nou yo. Ansanm, ann ranfòse kominote nou an epi an nou fè vizyon nou an pwogrese!

Mwen konnen gen anpil lòt evènman k ap dewoule nan depatman nou yo—mèsi pou tout sa n ap fè yo. NOU ede etidyan yo epanouyi.

### **Sibvansyon ki favorize reyisit etidyan yo ak angajman sivil**

- Nou resevwa yon sibvansyon nan men Depatman Edikasyon Ameriken pou favorize reyisit etidyan yo. Yo rele l “Maryland’s ABCs for Student Success (ABC Maryland pou Reyisit Etidyan yo): Konsèy Apatenans ak akonpayman,” pri anpral finanse fòmasyon pou yon gwoup kamarad Mantò nan enstitisyon ki nan USM nan. Pwogram Prim Ankourajman yo ak Sant Karyè Inivèsitè a ap dirije inisyativ sa a sou kanpis nou an! Mantò yo ap ede etidyan ki fèk enskri yo oryante yo nan lavi inivèsite a nan konekte yo ak resous sipò kanpis la. Epi, relasyon nouvo etidyan yo genyen ak ak mantò yo ap

ede devlope yon santiman apatenans. Pwogram sa a ap ede etidyan yo epanouyi tout bon.

- Pwogram Lidèchip ak Aprantisaj Sèvi Kominotè (Leadership and Community Service Learning, LCSL) ak pwogram TerpsVote Stamp lan, an patenarya ak Lekòl Politik Piblik (School of Public Policy), te resevwa yon sibvansyon "Help America Vote College Program (Ede Amerik la Vote)" nan men Komisyon Asistans Eleksyon Etazini an. Sibvansyon sa a ap ede kanpis USM yo ankouraje etidyan yo pou yo travay kòm ajan elektoral pou eleksyon yo pou de (2) ane kap vini yo. Antanke edikatè, se responsablite nou pou nou prepare etidyan yo pou yo vin sitwayen angaje. Mèsi a kòlèg nou yo nan LCSL ak TerpsVote paske nou louvri chimen an.

Nou enkwayab epi n ap fè yon bon travay!

Sensèman,

Patricia A. Perillo, Ph.D.

Vis Prezidan pou Zafè Etidyan yo, University of Maryland  
li (pwonon feminen)

## Anrejistre Dat yo

- [Mwa Istwa Nwa yo: Rekonekte AfwoFiti yo \(AfroFuturs\)](#) -- 1ye - 29 fevriye
- [Indaba: Sipòte Etidyan yo ak Libète Ekspresyon](#) - Jedi 29 fevriye, 12 p.m. jiska 1:30 p.m.
- [Jounen Don \(Giving Day\)](#) --Mèkredi 6 mas
- [Renouvèlman Prentan DSA a \(DSA Spring Renewal\)](#) -- Jedi 7 mas, 9 am rive 12 pm.